**O’ZBEKSTAN RESPUBLİKASI JOQARI HA’M ORTA ARNAWLI BİLİM BERİW MİNİSTRLİGİ**

**BERDAQ ATINDAG’I QARAQALPAQ MA’MLEKETLİK UNİVERSİTETİ**

# KURS JUMISI

**Or?nlag’an:** **Bazarbaeva.G**

**Qab?llag’an:** **Allambergenova.I**

**N O’ K İ S - 2014**

# «SALAR QAZANNI’N` U`YIN JAW ShAPQANI’ HAQQI’NDAG`I’ JI’R»DI’N` OBRAZLAR SİSTEMASI’

**KIRISIW……………………………………………………………..…………3**

***I BAP.«QORQI’T ATA KITABI’» HAQQI’NDA***

**1.1. Qorqi’t ji’rlari’ni’n` ilimge ma`lim boli’wi’……………..…………8**
**1.2. «Qorqi’t ata kitabi’»ni’n` izertleniwi…………………………………14**

***II BAP.«SALAR QAZANNI’N` U`YIN JAW SHAPQANI’ HAQQI’NDAG`I’ JI’R»DI’N` SYUJETLIK WO`ZGESHELIGI***

**2.1. «Salar Qazanni’n` u`yin jaw shapqani’ haqqi’ndag`i’ ji’r»di’n` qaraqalpaq xali’q da`stanlari’ menen syujetlik uqsasli’g`i’……………17**
**2.2. «Salar Qazanni’n` u`yin jaw shapqani’ haqqi’ndag`i’ ji’r»di’n` obrazlari’ni’n` qaraqalpaq xali’q da`stanlari’ menen uqsasli’g`i’ ….....21**

***III BAP.«SALAR QAZANNI’N` U`YIN JAW SHAPQANI’ HAQQI’NDAG`I’ JI’R»DI’N` OBRAZLAR SİSTEMASI’***

**3.1.«Salar Qazanni’n` u`yin jaw shapqani’ haqqi’ndag`i’ ji’r»di’n` kompoziciyasi’......................................................................................23**
**3.2. «Salar Qazanni’n` u`yin jaw shapqani’ haqqi’ndag`i’ ji’r»da ko`rkemlew qurallari’ni’n` jumsali’wi’……………………………………...26**

**JUWMAQ……………………………………………………………...28**
**PAYDALANI’LG`AN A`DEBIYaTLAR……………………..………..30**

## Kirisiw

**Temani’n` akutalli’g`i’:** Worta Aziyada tu`rkiy tilles xali’qlardi’n` biri qaraqalpaqlar wo`zinin` ko`p a`sirlik tariyxi’nda a`debiy ha`m ma`deniy miyraslari’nda azatli’qqa umti’li’wlari’n`, jarqi’n baxi’tli’ keleshegin a`rman yetti. Bul a`rmanlardi’ ha`r bir xali’q wo`zinin` sol waqi’ttag`i’ awi’z a`debiyati’nda tariyxi’y ji’rlari’nda xali’q qosi’qlari’nda sa`wlelendirip keldi. Sebebi, miynettin` wog`ada awi’rli’g`i’ sol da`wirdegi ten`sizliklerdi, qarama-qarsi’li’qlardi’ jawlap ali’wlar xali’qti’ qatti’ woylandi’rg`an.

Xali’q- mine, usi’nday ja`miyetlik jag`daylardi’ ko`re woti’ri’p wolar wo`zlerinin` zarlari’n, kewil qayg`i’lari’n wo`zlerinin` ji’rlari’nda bayanlag`an. Bul xali’qlardi’n` do`retpeleri danali’qlari’ atadan balag`a, zamannan zamang`a, bizin` da`wirimizge shekem saqlani’p kelgen.

Ja`miyetlik wo`mirdin` ekonomikali’q, siyasiy ha`m sotsialli’q tarawlari’nda a`melge asi’ri’li’p ati’rg`an qayta du`ziwler ruwxi’y turmi’sti’ ha`m soni’n` ishinde a`debiyatti’ da wo`z ishine almaqta. Duri’s, a`debiyat wo`zinin` tiykarg`i’ maqset ha`m ma`nisin wo`z da`wirinin` «aynasi’» boli’wi’n, adamlarg`a ruwxi’y ha`m a`dep-ikramli’li’q qa`diriyatlari’n beriwin jan`a biyg`a`rez yeldin` haqi’yqi’y puxaralari’n ta`rbiyalawdag`i’ a`hmiyetin joytqan joq. Bu`gin a`debiyatti’n` aldi’nda ha`r qashang`i’dan da a`hmiyetli wazi’ypalar tur. Ha`zirgi a`debiyat ja`miyetimizge mu`na`sip adamlardi’, a`wladti’ qa`liplestiriwde ha`m ta`rbiyalawda mu`mkinshiligi bari’nsha u`les qosi’wi’ tiyis. Xali’q ma`nawiyati’ni’n` aynasi’ bolg`an ko`rkem do`retiwshilik, soni’n` ishinde ko`rkem a`debiyatti’ rawajlandi’ri’w ma`mleketimiz, ja`miyetimizdin` mudami’ di’qqat itibari’nda boli’p kiyati’rg`ani’ ma`lim. Totalitar du`zim da`wirinde isimleri, shi’g`armalari’ qadag`an yetip qoyi’lg`an jazi’wshi’ ha`m shayi’rlari’mi’zdi’n` bu`gingi ku`ni wo`lmes estelikleri qa`dirlenip, wolardi’n` a`debiy miyrasi’ni’n` qaytadan tiklengeni, tuwi’lg`an sa`nelerin belgilep, qollap-quwatlap kiyati’rg`anli’g`i’ pikirimizdin` ayqi’n da`lili.

Insandi’, woni’n` ruwxi’y du`nyasi’n ashatug`i’n ja`ne bir qu`diretli qural bar, wol da bolsa so`zdin` qu`direti, ko`rkem a`debiyat boli’p tabi’ladi’. A`debiyatti’n` insandi’ tani’wshi’li’q dep, shayi’r ha`m jazi’wshi’lardi’ bolsa, insan ruwxi’ni’n` injenerleri dep ta`riyipleniwi biykarg`a yemes[1] – dep atap wo`tken yedi Prezidentimiz I. A`. Ka`rimov.

Qaraqalpaq xalqi’ Worta Aziyada jasawshi’ tu`rkiy tilles xali’qlardi’n` biri bolg`anli’qtan bizin` a`sirimizden neshe mi’n` ji’llar buri’n-aq do`retilgen bay folklori’na, jazba a`debiy-ma`deniy yesteliklerine iye. Bul miyraslar bizin` zamani’mi’zg`a awi’zeki ha`m jazba tu`rinde de jetip keldi. Mine, usi’ yerte da`wirleri do`retilgen jazba yesteliklerdi, wo`tkendegi xali’qti’n` tariyxi’ ha`m a`debiy folklorli’q miyrasi’ retinde u`yreniwge ken` jol ashi’ldi’. Soni’n` ushi’n da yerte da`wirleri do`retilgen jazba yesteliklerdi a`debiy-tariyxi’y, folklorli’q ha`m lingvistikali’q aspekte u`yreniw ilimde ko`p g`ana jan`ali’qlardi’n` betin ashatug`i’nli’g`i’ so`zsiz. Usi’ ko`zqarastan biz VIII-XI a`sirlerde Si’rda`rya boylari’n ma`kan yetken oguz-qi’pshaq qa`wimleri birlespesinde do`retilgen «Salar Qazanni’n` u`yin jaw shapqani’ haqqi’ndag`i’ ji’r»di’n` syujetlik wo`zgesheligi ma`selesine toqtaymi’z.

«Qorqi’t ata kitabi’»n da`slepki izertlewshilerinin` biri nemec ilimpazi’ N.F. Dic boldi’. Wol wo`zinin` «Atalar so`zi» atli’ tu`rkiy maqalalar ji’ynag`i’nda Qorqi’t atani’n` shi’g`i’si’n, woni’n` ka`ramatli’ adam bolg`ani’n, woni’ ko`p xali’qlardi’n` pir tutatug`i’nli’g`i’n jazadi’. Usi’ bag`i’tta ko`p ali’mlar ta`repinen Qorqi’t atani’n` Worta a`sirlerde oguzlar zamani’nda jasap wo`tken haqi’yqi’y tariyxi’y tulg`an yekeni ta`n ali’ng`ani’ menen ilimde «Qorqi’t ata kitabi’»ndag`i’ ji’rlardi’n` payda boli’w worni’n, da`regin, tekst mazmuni’n ani’qlawda biraz tarti’slar payda boldi’. Ko`rnekli a`zerbayjan ilimpazi’ X. Korogli’ «Qorqi’t» ji’rlari’ Kavkazda tu`rkmen tilinde jazi’li’p, wonda bati’sqa qaray ko`shken Seljuk-Seyilxan qa`wimlerinin` uri’slari’ su`wretlengen degen pikirdi bildiredi. Al qazaq

[1] Кәримов И. Жоқары мәнаўият – жеңилмес күш, Ташкент:- «Маънавият», 2008-жыл, Б.136.

ilimpazi’ A`. Qon`i’ratbaev «Qorqi’t ji’rlari’n Anatoliyada payda bolg`an, wol epos yemes worta a`sirdin` jazba romani’» deydi. Ja`ne de osmanli’ tu`rklerdin` Yag`i’dji ug`li ogli si’yaqli’ tariyxshi’lari’ «Qorqi’t ata kitabi’»n wo`z xalqi’ni’n` a`debiy yesteligi si’pati’nda iyelep, wo`zlerinin` XV a`sirde jasag`an sultanlari’ Bayazit-2 balalari’ Qorqi’t, Oguz xanlar isimleri menen baylani’sti’radi’. Biraq, bul si’yaqli’ naduri’s pikirlerge wo`z waqti’nda belgili ilimpazlar V.A. Bartold, A.Yu. Yakobovskiy, V.M. Jirmunskiyler duri’s ilimiy ani’qlama berdi. Wolar «Qorqi’t ata kitabi’»na yengizilgen ji’rlardi’n` Worta a`sirlerde Si’rda`rya boylari’nda yeski shamanizm ruwxi’nda, folklorli’q da`stu`rde payda bolg`ani’n da`liley woti’ri’p, sol da`wirdegi xali’qlardi’n` yeski an`i’zlari’ni’n` syujetleri negizinde payda boldi’ degen pikirlerin aytadi’.

Qaraqalpaq folklortani’w iliminde de Qorqi’t ji’rlari’n u`yreniw Q. Ayi’mbetovti’n` «Xali’q danali’g`i’» (1968), Q. Maqsetovti’n` «Qaraqalpaq qaharmanli’q da`stanlari’ni’n` poetikasi’» (1965), K. Ma`mbetovti’n` «A`yyemgi qaraqalpaq a`debiyati’» (1976) miynetlerinde Qorqi’t ata tu`rkiy tilles xali’qlardi’n` wortaq babasi’, dani’shpan shayi’r ha`m ji’rshi’si’ si’pati’nda u`yrenildi.

Professor S. Bahadi’rova «Kitabi’ dedam Qorqi’t», «Qoblan», «Edige» ha`m ha`zirgi a`debiyat haqqi’nda woylar»[1] miynetinde «Bayburabek balasi’ Bamsi-Beyrek haqqi’nda» dep atali’wshi’ u`shinshi ji’rdi’n` tikkeley «Alpami’s» da`stani’ menen mazmuni’ni’n` sa`ykesligi, syujetlik waqi’yasi’ ha`m obrazlardi’n` uqsasli’g`i’ sali’sti’rmali’-tipologiyali’q aspektte ilimiy analiz yetilse, a`debiyatshi’ ali’m K. Allambergenovti’n` «Edige» da`stani’ boyi’nsha jazi’lg`an monografiyasi’nda[2] «Qorqi’t ata kitabi’»ndag`i’ ji’rlar menen «Edige» da`stani’ndag`i’ syujetlik, obrazli’li’q ha`m ko`rkemlik baylani’slar ilimiy jaqtan da`lillep ko`rsetiledi.

---

[1] Баҳадырова С. «Китабы дедем Қорқыт», «Қоблан», «Едиге» ҳәм ҳәзирги әдебият ҳаққында ойлар, Нөкис, «Қарақалпақстан», 1992. 3-16-бетлер.
[2] Алламбергенов К. Қарақалпақ халық дәстаны «Едиге», Нөкис, 1995. 23-38-бетлер.

**Jumi’sti’n` maqseti ha`m wazi’ypalari’:** Kurs jumi’si’mi’zdi’n` maqseti yeski a`debiy jazba miyraslardi’n` biri «Qorqi’t ata kitabi’» ha`m sol kitaptag`i’ ji’rlardi’n` biri «Salar Qazanni’n` u`yin jaw shapqani’ haqqi’ndag`i’ ji’r»di’n` obrazlar sistemas? syujetlik ha`m ko`rkemlik wo`zgesheligi ma`selesin ha`zirgi ilimnin` aldi’na qoyg`an metodologiyalari’ tiykari’nda izertlew jumi’si’mi’zdi’ isleymiz. Bunda biz bul ji’rdi’n` qaraqalpaq xali’q da`stanlari’ menen syujetlik uqsasli’qlari’n tipologiyali’q bag`darda izertleymiz.

**Izertlew jumi’si’ni’n` ilimiy jan`ali’g`i’:** Izertlew jumi’si’mi’zdi’ ilimiy jan`ali’g`i’ «Salar Qazanni’n` u`yin jaw shapqani’ haqqi’ndag`i’ ji’r»di’n` syujetlik wo`zgesheligi xali’q da`stanlari’ menen uqsasli’g`i’ ani’qlandi’. Bunda usi’ ji’r menen usi’ da`stanlar tipologiyali’q jaqtan sali’ti’ri’ladi’. Ko`rkemlik wo`zgeshelikler, obrazlar ha`m syujetlerinin` uqsasli’g`i’ ani’qlanadi’.

**Izertlewdin` teoriyali’q ha`m a`meliy a`hmiyeti:** Kurs jumi’si’mi’z qaraqalpaq xalqi’ni’n` yerte da`wirdegi a`debiy-folklorli’q miyraslari’n teoriyali’q bag`darda izertlewdi ha`m ha`zirgi ilimnin` alg`a qoyg`an talaplari’ na`tiyjesinde baha beriwdi niyet yettik. Bizin` bul jumi’si’mi’z xalqi’mi’zdi’n` yertedegi a`debiy miyraslari’ menen qi’zi’g`i’wshi’larg`a ha`m ilimiy tiykarda paydalani’wshi’larg`a a`meliy qollanba xi’zmetin atqara aladi’.

**Izertlew ob`ekti ha`m predmeti:** Bizin` izertlew jumi’si’mi’z qaraqalpaq xalqi’ni’n` yerte da`wirdegi a`debiy-folklorli’q miyraslari’ni’n` biri «Qorqi’t ata kitabi’» ha`m woni’n` ji’rlari’ boli’p tabi’ladi’. Mine, biz bul kitapta yengizilgen «Salar Qazanni’n` u`yin jaw shapqani’ haqqi’ndag`i’ ji’r» jumi’si’mi’zdi’n` predmeti boli’p tabi’ladi’.

**Kurs jumi’si’ni’n` teoriyali’q ha`m metodologiyali’q tiykarlari’:** Kurs jumi’si’mi’zdi’n` metodologiyali’q tiykari’ si’pati’nda yen` da`slep Wo`zbekstan Respublikasi’ Prezidenti I.A`.Ka`rimovti’n` miynetlerinde

ilgeri su`rilgen pikirlerdi, soni'n` menen birge milliy g`a`rezsizlik ideyalogiyalari'na su`yengen halda jumi's ali'p bardi'q. Soni'n` menen birge jumi'sta jurt basshi'mi'zdi'n` «demokratiyali'q ma`mleket ha`m huqi'qi'y ja`miyet quri'w, milliy qa`diriyatlarg`a tiykarlang`an keleshek jarati'w, xalqi'mi'zdi'n` ko`p a`sirlik ruwxi'y bayli'qlari'n qayta tiklew, wolardi' jan`asha ko`zqarastan u`yreniw haqqi'nda»g`i' a`hmiyetli pikirleri metodologiyali'q bag`dar si'pati'nda basshi'li'qqa ali'ndi'.[1] A`debiyattani'w iliminin` teoriyalari'na ha`m usi' taraw boyi'nsha jumi's ali'p barg`an a`debiyatshi' ali'mlardi'n` miynetleri bizin` jumi'si'mi'zdi'n` metodologiyali'q tiykari' boli'p xi'zmet yetti. Biz usi' ali'mlardi'n` miynetlerinen paydalang`an halda usi' jumi'si'mi'zdi' jaratti'q. Kerekli jerlerinde siltemeler aldi'q.

**Kurs jumi'si'mi'z quri'li'si':** Kurs jumi'si'mi'zdi'n` ko`lemi 30 betten ibarat boli'p Times New Roman shrfitinde 1,5 interval arali'g`i'nda terildi. Jumi'sti'n` uli'wma quri'li'si' «Kirisiw», «Tiykarg`i' bo`lim», «Juwmaq», «Paydalani'lg`an a`debiyatlar» bo`limlerinen ibarat. Jumi'sti'n` kirisiw bo`liminde qaraqalpaq folklortani'w iliminin` son`g`i' da`wirdegi jetiskenligi, «Qorqi't ata kitabi'»ni'n` izertleniwi, uli'wma jumi'sti'n` si'patlamasi'n so`z yettik. Tiykarg`i' bo`lim tiykari'nan u`sh baptan ibarat.

---

[1] Каримов И.А.Ўзбекистон XXI аср бўсағасида хавфсизликка таҳдид, барқарорлик шартлари ва тараққиёт кафолатлари. Тошкент. «Ўзбекистон». 1997.

## *I BAP. «QORQI’T ATA KITABI’» HAQQI’NDA*

### 1.1 Qorqi’t ji’rlari’ni’n` ilimge ma`lim boli’wi’

Neshe a`sirler wo`tiwine qaramastan bu`gingi ku`nimizge shekem ha`zirgi tu`rkiy tilles qali’qlarg`a wortaq ko`p g`ana a`debiy, tariyxi’y folklorli’q miyraslar saqlani’p, jetip kelgen. Solardi’n` biri Worta a`sirlerde jasag`an tariyxi’y tulg`a Qorqi’t ha`m wol tuwrali’ xali’q arasi’nda ken`nen tarag`an an`i’z-a`n`gimeler, ja`ne de tikkeley soni’n` ati’ menen baylani’satug`i’n 12 ji’rdan ibarat «Qorqi’t ata kitabi’» boli’p tabi’ladi’.

Qorqi’t ata kitabi’ ("Kitabi dedam Korkut") og`uz-qi’pshaqlardi’n` qaharmanli’q da`stani’ boli’p VIII-XI a`cirdegi Si’rda`rya boyi’n jaylag`an og`uz-qi’pshaqlardi’n` turmi’si’n so`z yetiwshi a`debiy yestelik boli’p yesaplanadi’. Qorqi’t waqi’yalari’ negizinen VIII a`sirde payda bolg`an bolsa da, kitap negizinen XVI a`sirde A`zerbayjanda xatqa tu`sirilip "Kitabi dedam Korkut g`ali lisan tayfa og`uzan" degen at penen ma`lim. Qorqi’t ata kitabi’ni’n` negizgi syujetleri Si’rda`r`ya a`tirapi’ndag`i’ Jan`akent qalasi’ni’n` do`gereginde payda bolg`an. Ati’ ha`m islegen isleri an`i’zg`a aynalg`an.

Qorqi’tti’n` so`z yetilip ati’rg`an teritoriyasi’nda jasag`anli’g`i’ni’n` da wo`zi bul pikirdi tasti’yi’qlaydi’. Biraq, belgisiz sebepler menen bul kitaptag`i’ jer, suw atamalari’ jag`i’nan a`dewir wo`zgesheliklerge ushi’rag`anli’g`i’n ko`remiz. Bul ma`selege u`lken itibar bergen V.Bartold wo`zinin` "Tu`rk eposi’ Kavkazda" degen miynetinde "buni’n` yen` basli’ sebebi ji’rdi’n` payda bolg`ani’nan jeti a`sir kiyinirek xatqa tu`siriliwi yedi. Soni’n` ushi’n da ji’rdi’n` payda bolg`an waqti’, ha`tte atamalari’ a`dewir wo`zgeriske ushi’radi’", - dep da`lilleydi. **Ded** (deda) so`zi negizinen yeski saklardi’n` so`zinen ali’ng`an qaraqalpaqsha **"ata"** degen mag`anani’ bildiredi.

Qorqi’t ata kitabi’ni’n` ha`zirge shekem yeki nusqasi’ saqlang`an boli’p, birinshisi – **Drezden** (Germaniya) nusqasi’, al yekinshisi **Vatikan** (Italiya) nusqalari’ boli’p yesaplanadi’. Drezden nusqasi’nda 12 syujet saqlang`an bolsa, Vatikan nusqasi’nda soni’n` tek altawi’ g`ana bar. Bul haqqi’nda V.Bartold, S.Jirmunskiy, Sh.Wa`lixanov, Korogli’, A`.Margulan, V.Arasli’, M.Toxmaev ha`m A`.Qon`i’ratbaevti’n` bahali’ pikirleri bar yekenligi ma`lim. Bul ali’mlardi’n` barli’g`i’ da Qorqi’t ata ji’rlari’ negizinen IX-X a`sirlerde Si’rda`rya boyi’nda payda boli’p, son`i’nan XII a`sirde Kavkazdi’n` tu`rk tilles xali’qlari’ menen baylani’sadi’, - degen juwmaqqa keledi.

Yeger du`nya xali’qlari’ni’n` ilimine na`zer taslasaq, «Qorqi’t ata kitabi’»n u`yreniw ha`m izertlew isi a`lle qashan-aq qolg`a ali’ng`ani’n ha`m dawam yetip kiyati’rg`ani’n ko`remiz. Al, jazba yesteliktin` ilimde belgiliwi boli’wi’ XIX a`sirdin` birinshi yari’mi’na tuwra kelip, ha`zirge shekem yeki qoljazba nusqasi’ belgili, biri Germaniyadag`i’ Drezden kitapxanasi’nda saqlani’p kiyati’rg`an ati’ «***Kitabi-da`dem Qorqi’t g`ali lisan taifai u oguzan***», yag`i’ni’y «Qorqi’t atani’n` oguz taypasi’ tilindegi kitabi’» dep atali’p, bul 12 ji’rdan turadi’. Buni’ biz qi’sqarti’p «Qorqi’t ata kitabi’» dep ataymi’z.

Qorqi’ttan miyras boli’p qalg`an 12 ji’rdi’, shag`i’n g`ana 12 da`stan dep atasa da boladi’. Ha`r birinin` ko`rkem mazmuni’ tariyxi’y derekler menen baylani’sli’. Atap aytqanda bundag`i’ waqi’yalardi’n` barli’g`i’nda da IX-XII a`cirlerdegi og`uz-qi’pshaq qa`wimlerinin` si’rtqi’ ha`m ishki dushpanlari’ menen soqli’g`i’si’wlari’ bayan yetildi. Bir jag`i’nda pechenek, xazar, qi’pshaq, al yekinshi jag`i’nda tu`rkmenler ha`reket yetedi. Bul waqi’yalar sol peshenekler ko`semi bolg`an A`limush ha`m tu`rkmen xani’ Seyilxan arasi’ndag`i’ 34 ji’lli’q uri’s (922-956) waqi’yalari’n toli’q wo`z ishine qamti’ydi’.

Berdaqti’n` "Shejire" sinde "qaraqalpaqlardi’n` urani’-Jayi’lxan, tu`rkmen urani’-Seyilxan"- degen so`zler bar. Qorqi’t ata kitabi’nda da pechenekler sa`rdari’ A`limush, Jayi’lg`an degen at penen ko`rinip, Seyilxang`a qarsi’ uri’sadi’.

Qorqi’t ata kitabi’ni’n` da`slepki bo`limi naqi’l-maqal so`zlerden baslanadi’. Bul so`zlerdin` ko`pshiligi bizge tani’s. Ha`r ku`ni woshaq basi’ ayti’li’p ju`rgen so`zlerden parqi’ joq. Biraq, so`z bolg`anda da yen` sereleri saylap ali’ng`an. Haqi’yqi’y poeziya dep atasa boladi’. Uyqas jelisleri de tap sol tu`rinde saqlang`an. Awdarma dep ataw da qi’yi’n. Mi’sali’:

Bayli’q baxi’t a`kelmes,
Salma ten`iz tolti’rmas,
Wo`zimshil wo`zgeni woylamas,
Menmendi quday si’ylamas,
Sabi’rli’ at su`rinbes,
Menmenge baxi’t berilmes,
Yerkelep wo`sken qi’z bolmas,
Wo`zin`nen tuwmay ul bolmas,
Jatti’n` uli’ qashag`an,
Wo`zgenin` qi’zi’ woshag`an,
At qi’ynalmay jol baspas,
Jaraqli’ dushpan bag`i’nbas,
Si’qmar jomart atanbas,
Wo`sekshil wo`rge wo`te almas,
Anasi’ jamanni’n`-qi’zi’ jaman,
Atasi’ jamanni’n`-uli’ jaman,
Anani’n` kewli balada,
Balani’n` kewli dalada.

«Qorqi’t ata kitabi’»ni’n` baslani’wi’ tap usi’nday mazmunda, yag`ni’y terme formasi’nda izbe-iz dawam yetiledi. V.Bartold "Qorqi’t ata tu`rk taypalari’ni’n` ko`rer ko`zi de, so`yler so`zi de boldi’" degen so`zdi aytqan

yeken. Hayallarda barq uri’p turg`an go`zzalli’q, wolardag`i’ wopadarli’q, aqi’l-parasat du`nyasi’, anali’qti’n` mexribanli’q kelbetin Qorqi’t ata ta`sirli su`wretleydi.

Qorqi’t hayal-qi’zlardi’ adamgershilik qa`siyetleri boyi’nsha bir neshe toparg`a bo`lip qaraydi’. Woni’n` pikiri boyi’nsha du`nyada hayal-qi’zlar ko`p. Biraq, soni’n` bir topari’ g`ana ha`r bir shan`araqqa baxi’t ali’p keliwshi hayallar. Qalg`anlardi’n` ha`mmesi minez-qulqi’ jag`i’nan sapasi’ to`men, parasatsi’z boli’p keledi. Bul pikirin wol xan aldi’nda toli’q bayanlaydi’. Wol hayal-qi’zlardi’ aqi’l-parasati’ ha`m minezine qaray woti’ri’p to`rtke bo`ledi. 1) Woshag`i’ni’n` quti’ (da`wleti) bolg`an hayal. 2) Insapsi’z, qanaatsi’z hayal. 3) Salaq hayal. 4) Adamni’n` tilin almay, wo`zinen basqani’ mensinbeytug`i’n qi’rsi’q hayal.

Qorqi’t ata kitabi’ won yeki bo`lek ji’rdan ibarat. Wolardi’n` ha`r birin wo`z aldi’na kishkene bir da`stan -dep qarawg`a boladi’.

Qorqi’t ju`da` qartayg`anli’qtan ha`m woni’ xali’q jaqsi’ ko`rip hu`rmet yetetug`i’n bolg`anli’qtan, «wol qashan bolsa da wo`ledi g`oy» -dep go`rin qazi’p qoyg`an. Bir piyshenbi ku`ni Qorqi’t a`wliyege barsa qazi’wli’ turg`an go`rdi ko`ripti. Adamlardan bul kimnin` go`ri? - depti. Adamlar Qorqi’t atani’n` go`ri depti. Qorqi’t qorqi’p ketipti. Bul awi’l meni si’ylamaydi’ yeken dep, da`rhal basqa awi’lg`a ko`ship ketipti. Barsa wol awi’lda da go`r qazi’p ati’rg`an adamlardi’n` u`stinen shi’g`i’pti’. Bul ne dep sorasa, bul Qorqi’t atani’n` go`ri dep juwap beripti. Wol a`jelden qashi’p ko`p yellerge bari’pti’. Aqi’ri’nda wo`lsem wo`z yelimde wo`leyin,- dep qaraqalpaqlardi’n` arasi’na qayti’p kelipti.

Qorqi’t atani’n` wo`limnen qorqi’p qashqanli’g`i’ tuwrali’ ra`wiyatlardi’n` bir neshe variantlari’ bar. Wolardi’n` ba`rinde de Qorqi’t atani’n` wo`limnen qori’qqanli’g`i’, qorqi’p qashqanli’g`i’ so`z yetiledi. Qorqi’t so`zinin` etimologiyasi’n ***«qorqi’w», «qorqi’w», «qori’qqan»*** degen mag`anani’ bildiredi degeninde de jan bar.

Ba`lkim, bul ra`wiyatti'n` xali'q arasi'nda do`retiliwi ha`m payda boli'wi' sol adamni'n` ati'nan Qorqi't boli'wi' sebepli shi'g`ar. I'rasi'nda da wol dani'shpan adam bolg`anli'qtan wo`limge qarsi' gu`resip, adamlarg`a tirishilik, baxi't izlegen boli'wi' da mu`mkin g`oy, yaki bolmasa wol wo`limnen qorqi'p qashqanli'g`i' sebepli xali'q arasi'nda tiykarg`i' ati' qali'p «Qorqi't ata» laqabi' menen taralg`an boli'wi' kerek.

Tiykari'nan ali'p qarag`anda ra`wiyatlar xali'qti'n` awi'zeki ko`rkem do`retpesi. Biraq, ra`wiyat, a`psanalar wo`zinin` do`reliw to`rkini boyi'nsha tariyxta real jasag`an adamlar haqqi'nda, tariyxi'y ha`diyseler haqqi'nda bolg`anli'qtan woni'n` syujet quri'li'si'nda tariyxi'y haqi'yqatli'qti'n` izleri saqlanatug`i'ni' so`zsiz. Biraq, waqi'tti'n`, ji'llardi'n` wo`tiwi menen awi'zeki tu`rde ayti'li'p, a`wladtan-a`wladqa jetip kelgenlikten mazmuni'nda, quri'li'si'nda da tariyxi'y haqi'yqatli'qti'n` izleri wo`ship baratug`i'ni' da ta`biyg`i'y.

Joqari'dag`i' ra`wiyatti'n` syujetlik quri'li'si'nda, kompoziciyasi'nda tariyxi'y kaharman Qorqi'tti'n` obrazi' so`z yetilgeni menen, wol xali'qti'n` woy-tilegi, arzi'w-a`rmanlari' menen ushlasi'p jatadi'. Qorqi't obrazi' arqali' bayanlanatug`i'n wo`limge qarsi' gu`res ko`p, uzaq jasawdi' a`rman yetiw, keleshekke isenim menen qaraw go`zzal, mazmunli' wo`mir su`riwge talpi'ni'w, bulardi'n` ha`mmesi de xali'qti'n` wo`mir boyi' tilegi a`rmani'. Ra`wiyatta qalay bolmasi'n adam wo`mirin uzayti'w, jer betinde tirishilik du`nyasi'n uzaq saqlaw, qobi'z ha`m namani' uli'qlaw ideyalari' ji'rlanadi'.

Bunnan ti'sqari' Qorqi'tti'n` wo`limnen qashqanli'g`i' tuwrali' geypara ra`wiyatlardi'n` syujetinde diniy su`wretlemeler, islam dinine baylani'sti'ri'wlar wori'n aladi'.

Tu`rkiy tilles xali'qlar arasi'nda, soni'n` ishinde qaraqalpaqlar arasi'nda da Qorqi't atani'n` isimi yelege shekem ju`da` hu`rmet penen tilge ali'nadi'. Woni' ka`ramatli' a`wliey adam si'pati'nda ta`n ali'p, birinshi boli'p qobi'zdi' ha`m namani' woylap tabi'wshi', qobi'zdi'n` piri dep ju`ritiledi.

Buri’n adamlar ha`r qanday zatti’n` piri boladi’ dep tu`singen. Mi’sali’ Ji’lqi’ni’n` piri Ji’lqi’shi’ ata, maldi’n` piri Za`n`gi baba, tu`yenin` piri Woysi’l qara, shi’g`i’rdi’n` piri Na`ylaj baba, h.t.b. Usi’ si’yaqli’ qobi’zdi’n` piri dep Qorqi’t atani’ tu`singen. Bul tuwrali’ xali’q arasi’nda ko`p g`ana ra`wiyatlar tarag`an. Solardi’n` birinen mi’sal keltireyik: «Qorqi’t ata ag`ashtan qobi’z islep, saz shertiwdi a`rman yetipti. Ko`p ag`ashlardi’ joni’p ha`lek bolsa da islegen qobi’zi’nan na`tiyje shi’g`ara almapti’. Qorqi’t atani’n` qobi’z joni’p woti’rg`ani’n shaytanlar ko`rip, Qorqi’t atadan qobi’zi’n`di’ ko`rset dep sorasa, Qorqi’t ata woni’ shaytanlardan jasi’ri’pti’. Wonnan keyin Qorqi’t ata tog`aydan shi’g`i’p ketetug`i’n kisige qusap jasi’ri’ni’p bari’p, yekinshi joldan buqqi’shlap bari’p, shaytanlardi’n` so`zin ti’n`lapti’. Shaytanlar Qorqi’t ata tuwrali’ bi’lay dep so`z yetip woti’r yeken:- «Qorqi’t ata ju`da` a`jayi’p isti baslap aqi’ri’na jetkere almapti’. Yegerde tog`aydag`i’ don`i’z su`ykenip quwrag`an jigilik jiydenin` ag`ashi’nan qobi’zdi’ jonsa, wonnan tostag`an shi’g`arsa, woni’n` tostag`ani’n baqi’rawi’q tu`yenin` bas terisi menen qaplasa, wog`an kisnewik atti’n` quyri’g`i’nan ali’p qi’l taqsa, qumlaqta, tawda uo`setug`i’n sasi’q quwraydi’n` shiresinen jaqsa, qi’ldi’n` asti’nan ko`terip turatug`i’n go`ne qabaqtan joni’p tiyek salsa, ju`da` shi’qqi’sh a`spab bolar yedi» depti. Qorqi’t ata shaytanlardi’n` bul so`zlerin yesitip g`i’rra izine qayti’p solardi’n` aytqani’nday qi’li’p qobi’zi’n islegen yeken, tu`rli namag`a shertetug`i’n saz a`spabi’, ju`da` jaqsi’ qobi’z boli’pti’. Qorqi’t ata qobi’zdi’ ha`r tu`rli namag`a sali’p shertip ju`re beripti. Mine sol-sol yeken, tap sol ku`nnen baslap Qorqi’t ata qobi’zdi’n` piri atani’p ketipti.

## 1.2 «Qorqi’t ata kitabi’»ni’n` izertleniwi

Yeger du`nya xali’qlari’ni’n` ilimine na`zer taslasaq, «Qorqi’t ata kitabi’»n u`yreniw ha`m izertlew isi a`lle qashan-aq qog`a ali’ng`ani’n ha`m dawam yetip kiyati’rg`ani’n ko`remiz. Al, jazba yesteliktin` ilimde belgili boli’wi’ XIX a`sirdin` birinshi yari’mi’na tuwra kelip, ha`zirge shekem yeki qoljazbasi’ belgili.

«Qorqi’t ata kitabi’» a`debiy jazba yesteligi tu`rkiy tilles xali’qlardi’n` barli’g`i’na wortaq, yen` a`yyemgi jazba yesteliklerdin` biri boli’p tabi’ladi’. Woni’n` ilimge belgili bolg`ani’na ha`zir ju`z ji’ldan aslam waqi’t boldi’. Woni’n` yen` birinshi ret 1815-ji’li’ Drezden kitapxanasi’ndag`i’ qoljazbasi’ nemis ilimpazi’ Dic ta`repinen tabi’li’p, qoljazbadag`i’ «Bisatti’n` Dipegezani’ qalay wo`ltirgeni haqqi’ndag`i’ ji’r» degen bo`limin nemis tiline awdari’p ja`riyaladi’.

Bul jazba yesteliktin` a`debiy-ko`rkem, tariyxi’y folklorli’q ta`repleri tuwi’sqan xali’qlar ilimpazlari’ X. Korogli’, A. Sherbak, M.Taxmasib, A.Demirchizade, S.Yakubova, K.Inostrancev, A. Samaylovich, A`. Margulan, N. Raxmanov, T. Mirzaev, A`. Qon`i’ratbaev h.t.b. ali’mlardi’n` monografiyalari’ menen maqalalari’nda Qorqi’t ata haqqi’nda, «Qorqi’t ata kitabi’»ndag`i’ ji’rlar haqqi’nda, wondag`i’ syujetlik waqi’ya ha`m obrazlardi’n` jasali’wi’ kompoziciyali’q du`zilisi, ko`rkemlik wo`zgeshelikleri a`debiy jaqtan u`yreniliw menen birge syujetlik waqi’yani’n` ha`m obrazlardi’n` tariyxi’yli’g`i’, yesteliktin` awi’zeki a`debiyat u`lgileri menen baylani’si’ ha`m uqsasli’g`i’ ha`r ta`repleme so`z yetiledi.

Yestelik boyi’nsha usi’nshelli da`rejede izertlew jumi’slari’ boli’wi’na qaramastan, qaraqalpaq a`debiyati’nda yelege shekem «Qorqi’t ata kitabi’» tuwrali’ arnawli’ ilimiy izerlew jumi’slari’ni’n` ju`rgizilmewi, tekst awdarmasi’ni’n` islenbewi wo`kinishli. Bunday iygilikli ha`m sawapli’ isti jaqi’nda g`ana baslap ati’rg`an K. Pali’mbetovti’ ayti’p wo`tsek boladi’.

Sebebi, woni’n` 2010-ji’li’ «Bilim» baspasi’nda 500 nusxada «Qorqi’t ata kitabi’» ha`m qaraqalpaq da`stanlari’ degen kitabi’ basi’li’p shi’qti’. Bul miynette qaraqalpaq xali’q da`stanlari’ bolg`an «Alpami’s», «Sha`riyar», «Yusup-Axmet», «Ma`spatsha», «G`a`rip Ashi’q», «Go`rug`li’» da`stanlari’ menen sali’sti’rma-tipologiyali’q bag`darda u`yreniledi. Soni’n` menen birge wolardi’n` kompociyali’q du`zilisi, syujetlik waqi’yasi’, obrazlardi’n` jasali’wi’, qaharmanlar ha`m personajlardi’n` obrazlari’ndag`i’ xarakter ha`m ha`rketlerdin` jaqi’nli’qlari’n, kitap penen xali’q da`stanlari’ni’n` tekstlerindegi ko`rkem su`wretlew qurallari’ndag`i’ uqsasli’qlar menen baylani’si’ haqqi’nda juwmaqlar shi’g`aradi’.

«Qorqi’t» ra`wiyatlari’ birinshi baspada ja`riyalang`an ku`nnen baslap-aq 1952-ji’llari’ Q. Muratov, N. Narenov degen birewler ta`repinen hesh qanday fakt ha`m da`lillerge su`yenbesten gazeta betlerinde kritikali’q maqalalar ja`riyaladi’. Sog`an qaramastan Qorqi’t ata ra`wiyatlari’n u`yreniw professor Q. Ayi’mbetovti’n` «Xali’q danali’g`i’» miynetleri ja`riyalandi’.

Qorqi’t ata kitabi’ A`.Qon`i’ratbaev ta`repinen qazaq tiline, Muhammed Sali’q ta`repinen wo`zbek tiline awdari’ldi’. Qorqi’t ata haqqi’nda qaraqalpaqlar arasi’nda da ko`p g`ana an`i’zlar saqlang`an. Ji’rdi’n` ko`rkem mazmuni’na ser salar yekenbiz, basli’ qaharmani’ Qorqi’t ata ko`pti ko`rgen dani’shpan ji’raw. Xanlarg`a wo`z pikirlerin wo`tkize alatug`i’n ken`esshi, aqi’lgo`y, ma`sla`ha`tshi. Qoli’na qobi’z ali’p shertse, sazi’ni’n` jetken jeri qozg`ali’p, ko`zi tu`sken jeri ko`gerip jayqali’p sala beretug`i’n dana ji’raw si’pati’nda su`wretlenedi. Tu`rkiy xali’qlardi’n` ko`pshiliginde derlik Qorqi’t ata haqqi’nda qi’zi’qli’ an`i’zlar qalg`an. Ji’rawlardi’n` ayti’wi’na qarag`anda saz a`sbabi’ bolg`an qobi’zdi’ woylap tapqan da, yeger qoli’na qobi’zi’n alsa ju`regi tas boli’p qalg`an adamdi’ saz benen, so`z benen ji’latatug`i’n da sol Qorqi’t.

Ilimpazlardi’n` tasti’yi’qlawi’nsha Qorqi’t haqi’yqi’y tariyxta jasag`an adam. Wol shama menen VIII-XI a`sirler arali’g`i’nda jasap, Si’rda`rya

boyi’nda Jan`akent qalasi’nda Bayat yelinde tuwi’lg`an. Wol ulli’ woyshi’l, dani’shpan, a`wliye, yel basshi’si’, ataqli’ ji’raw ha`m shayi’r, xali’qti’n` aqi’lgo`yi bolg`an. Buni’ tasti’yi’qlawshi’ ko`p g`ana tariyxi’y da`rekler bar. Mi’sali’,A`bilg`azi’ Bahadurxanni’n` «Tu`rkmenler shejiresi» Rashid-ad-dinnin` «Jami at-tauarix» (Shejireler ji’ynag`i’) ha`m A`bdiraxman Ja`miy, A`liysher Nawayi’ miynetlerinde ayti’ladi’.

Ilimde yelege shekem «Qorqi’t» so`zinin` etimologiyasi’ ani’qlang`an yemes, woni’ ilimpazlar ha`r qi’yli’sha tu`sindirip kelmekte. Ma`selen, qazaq ilimpazi’ A`. Jaqi’pov: «Qorqi’t» yeki negizgi tu`birden birikken so`z: Qor-qut, yag`i’ni’y qut qaznasi’, so`zleri qori’ baxi’tli’li’q da`regi wordasi’ h.t.b. «Qut qong`an, baq qong`an degenler sinonim so`zler. Qazaq tilindegi so`zlerdin` yekinshi buwi’nlari’nda de yesitiletug`i’n: o, o`, u, u` sesleri, e, i’, seslerinin` biri menen wori’n alamasadi’. Usi’ zan`li’q boyi’nsha «Qor-qut» so`zi tirkes ayti’la kele «Qorqi’t» boli’p, fonetikali’q wo`zgerislerge ushi’rap, birikken tu`birli ataw so`zge aytalg`an»[1].

Tu`rkiy tilles xali’qlar arasi’nda, soni’n` ishinde qaraqalpaqlar arasi’nda da Qorqi’t atani’n` isimi yelege shekem ju`da` hu`rmet penen tilge ali’nadi’. Woni’ ka`ramatli’ a`wliye adam si’pati’nda ta`n ali’p, birinshi boli’p qobi’zdi’ ha`m namani’ woylap tabi’wshi’, qobi’zdi’n` piri dep ju`ritiledi.

[1] Жақыпов Ә. Қорқыт атам не дейди?, «Зерде» журналы, 1991. 10-саны, 26-28-бетлер.

## *II BAP. «SALAR QAZANNI’N` U`YIN JAW SHAPQANI’ HAQQI’NDAG`I’ JI’R»DI’N` SYUJETLIK WO`ZGESHELIGI*

### 2.1. «Salar Qazanni’n` u`yin jaw shapqani’ haqqi’ndag`i’ ji’r»di’n` xali’q da`stanlari’ menen syujetlik uqsasli’g`i’

«Qorqi’t ata kitabi’» uli’wma tu`rki tilles xali’qlardi’n` ko`pshiliginin` awi’zeki epikali’q do`retpeleri menen jaqi’n baylani’sqa iye. Soni’n` ishinde qaraqalpaq xali’q da`stanlari’ menen hayran qalarli’q uqsasli’qqa iye yekinligi si’r yemes.

Qorqi’t ji’rlari’ni’n` ha`r biri su`wretlenip ati’rg`an waqi’yag`a baylani’sli’, qi’zi’qli’ syujetke quri’lg`anli’qtan qaharman obrazi’n, xarakterin jasaw wo`zgeshelikleri jag`i’nan da, syujetlik ha`m kompoziciyali’q quri’li’si’ jag`i’nan da, ayi’ri’m epizodlar menen detallardi’n`, motivlerdin` beriliw ta`repleri menen de qaraqalpaq xali’q da`stanlari’ menen jaqi’nli’qqa iye. Sonli’qtan da qazaq ilimpazi’ professor A`. Qon`i’ratbaev: «Qorqi’t ji’rlari’ni’n` syujeti barli’q keyingi qa`wimlerdin` eposi’na wo`tken[1]»-dep aytqan yedi. Haqi’yqati’nda da «Qorqi’t ata kitabi’»ndag`i’ ha`r bir ji’r, wondag`i’ qaharmanlardi’n` wo`z yelin dushpanlardan qorg`awi’, si’rtqi’ jawlarg`a qarsi’ gu`resi, bende bolg`an xalqi’n dushpan qoli’nan azat yetiliwi, ko`rkem su`wretlew qurallari’ tag`i’ basqalar qaraqalpaq xali’q da`stanlari’ «Alpami’s», «Edige», «Go`rug`li’», «Yusup-Axmet», «G`a`rip Ashi’q», «Qoblan», «Hu`rlixa-Hamra» si’yaqli’ jazba ha`m awi’zeki do`retpeler menen wog`ada uqsasli’g`i’nda ko`rinedi. Mine, usi’ Qorqi’t ji’rlari’ni’n` ishinde «Salar Qazanni’n` u`yin jaw shapqani’ haqqi’ndag`i’ ji’r»di’n` xali’q da`stanlari’ menen syujetlik uqsasli’g`i’n ko`rip wo`temiz.

Bul negizinen ar-nami’s xaqqi’ndag`i’ da`stan boli’p, pesheneklerdin` oguz taypalari’na topi’li’si’, oguzlardan Salar Qazanni’n` bul sawashqa

[1]Қоңыратбаев Ә. Қазақ эпосы және тюркология, Алматы, 1987. 180-бет.

qatnasa almay, pa`nt qumar qali'wi' haqqi'nda so`z boladi'. Wol ishki oguzlardi'n` ko`semi bolg`an adam.

Ji'rda uyqi'g`a ketken bati'r jeti ku`nge shekem woyanbaytug`i'ni' si'yaqli', an`g`a shi'g`i'p ketken Salar Qazan tog`ay arasi'nda uyqi'lap qali'p, bir ha`ptege shekem woyanbaydi'. Tap usi'nday payi'tti' ku`tip turg`an jaw birden Qazanbektin` jurti'na atlani's jasaydi'. Bul sawashta Salar Qazanni'n` balasi' Woraz, hayali' Bo`rte qati'n u`lken qaharmanli'q ko`rsetedi. Biraq wolardi'n` u`sh ju`z no`keri jawdi'n` jetpis mi'n` a`skerine to`tepki bere almaydi'. Soni'n` ushi'n jaw jen`iske yerisedi. Worazdi'n` moyni'na bug`aw sali'p, anasi' Bo`rteni qi'z-kelinshekler menen qosi'p aydap ketedi. Ha`r bir a`sker Salar Qazanni'n` hayali'ni'n` qoli'nan qi'mi'z ishiwi da`rkar. Al wonnan keyin hayaldi' qi'ynap wo`ltiremiz degen sheshimge keledi. Buni' sezgen Bo`rte qati'n tutqi'ng`a tu`sken qi'ri'q qi'zg`a wo`zinin` Kim yekenligin dushpang`a bildirmewdi wo`tinish yetedi. Soni'n` ushi'n da "Bo`rte qati'n kim?" - dep sorasa, ha`mmesi : "Men" - dep juwap beredi. Bul jag`daydi' sezgen xan yeger de wonday bolatug`i'n bolsa, bul hayaldi'n` balasi'n bawi'zlap, maydalap tuwrap quwi'rdaq jasap, qi'ri'q qi'zdi'n` aldi'na qoyi'n`. Quwi'rdaqtan kim da`m tatpasa sol Worazdi'n` anasi' boladi'"- dep jar urg`i'zadi'. Bul haqqi'nda yesitken Bo`rte tutqi'nda jati'rg`an balasi' menen qupi'ya so`ylesedi:

- Balam senin` yetin`di jeyin be? Yaki jawdi'n` to`seginde jati'p, a`ken`nin` nami'si'n ayaq asti' yeteyin be?

Sonda balasi' Woraz:

- O, ha`miri ku`shli anajani'm! Meyli, dushpan meni soyi'p, yetimdi parsha-parsha yetip taslasi'n! Menin` yetimdi quwi'rdaq yetip, beklerdin` qi'ri'q qi'zi'na tartsi'n. Sonda wolar tek bir tu`yirden g`ana jer. Al sen bolsan` yeki tu`yirden je, tek a`kemnin` pa`k to`segin bi'lg`amasan` bolg`ani'? dep aytqan.

Qorqi't bul pikiri menen de "wo`limnen nami's ku`shli" degen naqi'l so`zge juwap tapqanday boladi'. Bul da`standa negizinen awi'zbirshilikli, hu`jdanli' adamlardi'n` ma`rtligi ji'rlang`an. Bunda perzent te, woni'n` anasi' da jaw aldi'nda bas iymeytug`i'n ma`rt adamlar si'pati'nda su`wretlengen. Bati'r Salar Qazanni'n` dushpanlari'nan wo`sh ali'w waqi'yalari' da`stanni'n` son`i'nda bayan yetiledi.

«Qorqi't ata kitabi'»ndag`i' ji'rlarda a`sirese «Salar Qazanni'n` u`yin jaw shapqani' haqqi'ndag`i' ji'r»i'nda dushpanlardi'n` yelge tosattan topi'li's jasag`ani'n yaki bati'rlardi'n` dushpang`a tutqi'n bolg`ani'n unamli' ha`m unamsi'z qaharmanlar qorqi'ni'shli' tu`s ko`riw arqali' biledi ha`m qutqarmaqshi' boli'p izinen atlanadi'. Bul tu`s ko`riw syujeti tu`rkiy xali'qlari'ni'n` ha`m du`nya ju`zlik eposli'q shi'g`armalari' ushi'n ta`n bolg`an A`bilqasi'm Firdawsiydin` «Shaxnama» da`stani'ni'n` «Siyavush» haqqi'nda da`stan» bo`liminde de ushi'rasadi', wonda Afrasiyab jati'p jaman tu`s ko`redi, tu`sinde jer beti ji'lan menen qaplani'p, puwlang`an aspanda shay qus wo`limnen xabar berip turadi'.[1] Bunday yetip qaharmanlardi'n` qorqi'ni'shli' yetip tu`s ko`riwi haqqi'ndag`i' waqi'ya «Qi'ri'q qi'z», «Manas», «Qoblan» h.t.b. da`stanlarda ken` wori'n alg`an. Mi'sali' «Yusup-Axmet» da`stani'nda Yusup ha`m Axmettin` dushpanlarg`a bende bolg`anli'g`i' 40 jigittin` sa`rdari' A`shirbekke qorqi'ni'shli' tu`s boli'p ayan beredi. Wol tu`sinde Yusup penen Axmettin` u`sinde ko`p qus ko`redi, yerlerdin` ati'ni'n` yeri joq bos ko`redi, ah tarti'p woyansa Yusup penen Axmet joq boli'p shi'g`adi'. Yendi «Salar Qazanni'n` u`yin jaw shapqani' haqqi'ndag`i' ji'r»da Salar Qazan da wo`z yeline jaw shapqani'n, ja`ne xalqi'n bende yetip ali'p ketkenin tu`s ko`rip biledi. Tu`sinde qoli'ndag`i' sun`qari'n birew ali'p ketedi. Ala shati'rlari'na ko`kten jay tu`sip, wo`rtenip ati'rg`an boladi' ha`m wordasi'ni'n` u`sine qar aralas jawi'n jawi'p, duman tu`sedi. Awi'li'n quti'rg`an qaski'rlar bu`ldirip, bir qara tu`ye kelip, wo`gizin

---

[1]Абулқасым Фирдаўсий, Шохнома, Тошкент, 1984.

qulatadi’. G`arg`a tu`sles qara shashi’ tarqati’li’p, sol shashi’ ko`zin basadi’ ha`m won` qoli’ bilegine shekem qang`a batqan boladi’.

Usi’layi’nsha bolg`an waqi’yani’ tu`s ko`riw arqali’ bilgen A`shirbek xali’q bati’rlari’n, Salar Qazan wo`z yelin dushpanlardan qutkarmaqshi’ boli’p izinen atlanadi’, biraq wo`zlerine ja`rdemge kelgen wolarda tutqi’ndag`i’ bati’rlardi’n` qaytari’wdag`i’ detali’ yeki do`retpede de bar.

Uli’wma «Qorqi’t ata kitabi’»ndag`i’ ha`m qaraqalpaq da`stanlari’ni’n` syujetlerindegi qaharmanlardi’n` wo`z jawlari’na qarsi’ ali’p barg`an qaharmanli’q gu`resleri so`z yetilgende, qaraqalpaq da`stanalari’ni’n` syujetinde uri’s kartinasi’ni’n` beriliwi bir-biri menen wog`ada uqsas boli’p keledi. «Uri’s qaharmanli’q da`stanni’n` tiykarg`i’ yadrosi’n quraydi’[1]»- dep jazadi’ professor Q. Maqsetov. Shi’ni’nda da xali’q epikali’q do`retpelerinde pu`tin bir syujet, ayri’qsha jarati’li’s penen du`nyag`a kelgen qu`diretli bati’rdi’n` do`geregine ja`mlestiriledi de, bati’r xalqi’ ushi’n hayran qalarli’q yerlik ko`rsetedi, si’rtqi’ jawlardi’n` neshe mi’n` la`shkerlerine qarsi’ jalg`i’z wo`zi gu`res ju`rgizip jen`iske yerisedi. Bul si’yaqli’ su`wretlewler «Salar Qazanni’n` u`yin jaw shapqani’ haqqi’ndag`i’ ji’r»di’n` aqi’ri’nda oguz bati’rlari’ni’n` dushpanlari’na birlik penen gu`res ju`rgiziwi su`wretlenedi. Da`slep, wonda wol bati’rlardi’n` islegen yerlikleri maqtani’sh yetiledi de, son`i’nan ha`r birinin` uri’stag`i’ qaharmanli’g`i’ ayqi’n sa`wleleniwin tabadi’. Al, yendi uri’s waqti’ndag`i’ jan tu`rshigerlik waqi’yalar, san mi’n` adamlardi’n` wo`likleri h.t.b. xali’q da`stanlari’nda da, «Qorqi’t ata» ji’rlari’nda da birdey ko`riniske iye yekenligin ko`remiz.

[1] Мақсетов Қ. Қарақалпақ қаҳарманлық дәстанларының поэтикасы. Ташкент, 1965, 99-бет.

## 2.2«Salar Qazanni'n` u`yin jaw shapqani' haqqi'ndag`i' ji'r»di'n` obrazlari'ni'n` xali'q da`stanlari' menen uqsasli'g`i'

Jazba yestelikler menen awi'zeki da`stanlardag`i' qaharman ha`r personajlardi'n` obrazlari'ndag`i' uqsasli'q bar yekenligin ko`riwbe boladi'. Maselen, Qorqi't ji'rlari'ni'n` barli'g`i' da xali'q da`stanlari'ni'n` obrazlari'na uqsas keledi. Ma`selen Qorqi'tti'n` «Bamsi Beyrek ha`m Banu Chechek» dep atalatug`i'n ji'ri'ni'n` qaharmanlari', obrazlari', personajlari' «Alpami's» da`stani'n` qaharmanlari' menen tipologiyali'q jaqtan uqsas keledi. Demek bunda Bamsi (Almami's), Banu Chechek, (Barshi'n) obrazlari'ni'n` uqsali'g`i' mi'sali'mi'zg`a da`lil bola aladi'. Biz usi' jerde Qorqi't ji'rlari'ni'n` ishinde «Salar Qazanni'n` u`yin jaw shapqani' haqqi'ndag`i' ji'r» di'n` qaharmanlari'ni'n`, obrazlari'ni'n` xali'q da`stanlari' menen uqsali'g`i'n ko`rip wo`teyik.

Qorqi't ji'rlari'ni'n` ha`r biri su`wretlenip ati'rg`an waqi'yag`a baylani'sli', qi'zi'qli' syujetke quri'lg`anli'qtan qaharman obrazi'n, xarakterin jasaw wo`zgeshelikleri jag`i'nan da, syujetlik ha`m kompoziciyali'q quri'li'si' jag`i'nan da, ayi'ri'm epizodlar menen detallardi'n`, motivlerdin` beriliw ta`repleri menen de qaraqalpaq xali'q da`stanlari' menen jaqi'nli'qqa iye.

Salar Qazan oguzlardi'n` yen` ku`shli bati'ri' bolg`ani' menen de woni'n` balasi' Woraz bir qansha basqashalaw su`wretlenedi. Qorqi't atani'n` su`wretlewi boyi'nsha Woraz da aqi'l parasatli' ku`shli bati'r. Biraq ta wol ta`jireybesiz, jas bala jigit si'pati'nda su`wretlenedi.

Biz yeki do`retpedegi obrazlarg`a itibar bergende Qazan-Salor obrazi'ni'n` jasali'wi' ha`m woni'n` bazi' bir ha`rketleri A`shirbek sa`rdar obrazi'n yeske tu`siretug`i'ni'n ayti'wi'mi'z kerek. Wo`ytkeni wo`z balasi' Worazdi' qutqari'w ushi'n Qazanni'n`, Yusup, Axmetti jaw qoli'nan qutqari'w ushi'n A`shirbektin` ali'p barg`an qaharmanli'q gu`resleri yeki

miyrasta da birdey uqsasli’q penen su`wretlenedi. Ayi’rmashi’li’g`i’, «Qorqi’t» ji’rlari’nda bati’rlar dushpanlarg`a bende bolg`an yeli, xalqi’n, tuwg`an-tuwi’sqanlari’n qutqari’wg`a atlang`anda jaw u`stinen jen`iske yerisip, yeline u`lken saltanat penen qaytadi’ ha`m uslayi’nsha ji’rdi’n` syujeti juwmaqlani’p woti’radi’. Sonni’ da ayti’w kerek «Yusup-Axmet» da`stani’nda da, «Qorqi’t ata kitabi’»ndag`i’ «Qazanbektin` balasi’ Worazbektin` tutqi’ng`a tu`sip qalg`ani’ haqqi’ndag`i’ ji’r»da bati’rlardi’n` dushpan qoli’na bende boli’p tu`siwi, wolardi’n` an` awlawg`a shi’qqani’nda ju`z beredi. Sonli’qtan da yeki do`retpede de bati’rlardi’n` hayali’ wolardi’ an`nan u`lken wolja menen keledi g`oy degen niyet penen ku`tip woti’radi’. Bunda «Qorqi’t» ji’rlari’ndag`i’ bir wo`zgeshelik Qazan ha`m Woraz, yag`ni’y ata ha`m bala an`g`a ten`nen atlang`an boladi’. Sonnan ata jalg`i’z wo`zi keledi de, balasi’ dushpanlarg`a bende bolg`an yetip su`wretlenedi.

Qorqi’t ata kitabi’»ndag`i’ «Salar Qazanni’n` u`yin jaw shapqani’ haqqi’ndag`i’ ji’r»i’ syujetinde feodalli’q-patriarxalli’q du`zimnin` yelesleri teren`irek saqlani’p qalg`an, sebebi yertede dala qa`wimlerinde qi’z balalardan go`re, pu`tin bir yeldi, qa`wimdi qorg`aytug`i’n bati’r ullardi’n` wo`siwine ku`shli di’qqat bo`lingen. Mi’sali’: -«Jasi’n` won alti’g`a kelipti. Belgili ku`nim kelse, men ko`z jumi’p, o du`nyag`a ketemen de, arti’mda sen qalasan`. Usi’ ku`nge deyin sadaq tarti’p, woq atpapsan`, qan to`kpepsen`, oguzlardi’n` alg`i’si’na iye bolmapsan`. Yerten` men wo`lip wol du`nyag`a ketsem, arti’mda sen qalasan`. Biraq oguz yeli menin` taji’m menen taxi’mdi’ sag`an bermeydi…».

Qorqi’t atani’n` bul ji’ri’nda ha`m «Yusup-Axmet» da`stani’nda da wo`z wa`deleri boyi’nsha tutqi’nda qalg`an doslari’n qutqari’w ushi’n a`sker toplap atlani’s jasawi’ ha`m dushpanlari’ni’n` u`stinen jen`iske yerisiwi birdey.

## *III BAP. «SALAR QAZANNI’N` U`YIN JAW SHAPQANI’ HAQQI’NDAG`I’ JI’R»DI’N` OBRAZLAR SİSTEMASI*

### 3.1. «Salar Qazanni’n` u`yin jaw shapqani’ haqqi’ndag`i’ ji’r»di’n` kompoziciyasi’

Xali’q awi’zeki a`debiyat u`lgilerinin` qaysi’si’n ali’p qarasaqta bay ko`rkem so`z marjanlari’n wo`z boyi’na ja`mlestirgen alti’n g`a`ziyneler yekenliginin` gu`wasi’ bolami’z. Solardi’n` ishinde folklordi’n` yen bay iri marjanlari’ni’n` biri da`stanlardi’ woqi’p woti’ri’p, wolardi’ atqari’wshi’ ji’raw, qi’ssaxan, shayi’rlardi’n` ushqi’r qi’yallari’ arqali’ do`regen fantaziyali’q su`wretlewlerdi, asi’ra ko`rkem banlawlardi’, adamlardi’n` aqi’lg`a ug`ras kelmeytug`i’n waqi’yalardi’ ishki ruwxi’y jan du`nyami’zda la`zzetleniwshilik penen qabi’l etilip, haqi’yqat real shi’nli’q si’pati’nda ta`n ali’p woti’rami’z.Wolardi’n` mazmuni’nda belgili bir da`wirdin` tariyxi’y haqi’ykatli’li’g`i’ da, mifologiyali’q-fantastikali’q su`wretlewler de, xali’qti’n` diniy isenimleri de sa`wlelenip woti’radi’. Soni’n` ushi’nda professor Q. Maqsetov: «…da`stanlar awi’zeki xali’q do`retiwshiliginin` ko`p g`ana janrlari’ni’n` elementlerin wo`z boyi’na sin`irip jibergen»[1]-degen yedi. Haqi’yqati’nda da bul elementler da`stan tekstinin` poetikali’q qatarlari’nda yen` suli’w ko`rkem su`wretlew qurallari’ni’n` ja`rdemi menen jasali’p woti’radi’.

Qorqi’t ji’rlari’ tariyxi’y dereklerden wonshama qashi’q yemes. Wol usi’ jag`i’nan da`standa xaqi’yqi’y wopadar hayal obrazi’n asha woti’ri’p, woni’n` bati’r ku`yewi ha`m ma`rt perzentinin` de wobrazi’n ta`sirli su`wretlegen. Bir yeldin` jawgershilik da`wirindegi waqi’ya tutas qayg`i’li’ bolg`ani’ menen da`stanni’n` temasi’nda ko`rsetilgendey-aq bati’rdi’n` bala-shag`alari’ni’n` dushpang`a bolg`an ko`z-qarasi’ arqali’ beriledi.

A`lbette, bizin` bu`gingi da`wirimizge kelip jetken da`stanlardag`i’ bunday ko`rkemlik, bir-yeki a`sirdin` yaki bir neshe ji’llardi’n` jemisi yemes,

---

[1]Мақсетов Қ. Қарақалпақ қаҳарманлық дәстанларының поэтикасы, Ташкент, 1965.

yen` a`yyemgi da`wirlerden berli ji’rlani’p, shi’n`lani’p kiyati’rg`ani’ni’n` sheberlik wo`nerinin` na`tiyjesi.

«Qorqi’t ata kitabi’»ndag`i’ «Salar Qazanni’n` u`yin jaw shapqani’ haqqi’ndag`i’ ji’r» Si’rda`rya boylari’nda shamanizm ruwxi’nda, folklorli’q da`stu`ri tiykari’nda ha`m woni’n` tikkeley ta`siri asti’nda payda bolg`anli’g`i’n akademik V. Bartold ha`m V. Jirmunskiyler jazg`an yedi. Biraq, «Qorqi’t» ji’rlari’ folklorli’q stilde jazi’li’p proza tu`rinde bayanlanadi’. Solayda bolsa da, wol ji’rlar kompoziciyali’q quri’li’si’ jag`i’nan tek g`ana prozadan turadi’ dep ayti’w qi’yi’n. Sebebi, prozali’q bayanlawlardi’n` jelisine qosi’q tekstlerinin` de yenip turg`ani’n da ko`remiz. Shi’ni’nda da qosi’q penen ko`rkem prozani’n` aralas qollani’li’wi’ a`yyemgi jazba yesteliklerden de tawi’li’p ati’r. Ilimpaz I. Stebleva joqari’da ayti’p wo`tkenimizdey «Orxon-Enisey» jazba yesteliklerindegi tekstti toli’g`i’ menen qosi’qg`a jatqarg`ani’ menen, wonda ko`lemi eposli’q ji’rlardag`i’ si’yaqli’ qosi’q arasi’nda «alg`i’ so`z» taqi’llettegi tu`sindirmeli bayanlaw xi’zmetin atqaratug`i’n ko`rkem prozani’n` da aralas keletug`i’nli’g`i’n ilimpaz M. Joldasbekov «Asi’l arnalar» atli’ miynetinde da`lillep ko`rsetken yedi. Demek, epikali’q miyraslarda qosi’q penen prozani’n` aralas beriliwi a`yyemnen kiyati’rg`an eposli’q da`stu`rdin` biri yekenin ko`remiz.

Yendi «Qorqi’t» ji’rlari’ XV a`sirde belgisiz avtor ta`repinen bir kitapqa biriktirilgeninde, proza tu`rinde bayanlang`an, biraq sog`an deyingi da`wirde, a`sirler dawami’nda ha`zirgi epikali’q da`stanlari’mi’z si’yaqli’ awi’zeki ayti’li’p ju`rgen. Sonli’qtan da V.M. Jirmunskiy ha`m X. T. Zarifov «Qorqi’t ata kitabi’» qara so`z benen jazi’lg`an, biraq, bir qatar wori’nlarda lirikali’q bo`lekler, ji’rlar attan-ani’q bilinip turadi’. Wolarda sintaksislik parallelizmnin` ha`m uyqaslardi’n` boli’wi’ son`i’nan qara so`z benen awmasti’ri’lg`an qosi’q formasi’ bolg`ani’n ko`rsetip turadi’. Ji’rdi’n` anag`urli’m yerterektegi awi’zeki bayanlamasi’nda mine usi’lar tu`rkiy

xali'qlari'ni'n` ha`zirgi da`stani' ushi'n da a`dettegi na`rse bolg`an qosi'q penen qara so`zdin` aralasi'wi'nan du`zilgen shi'g`ar, ba`lkim.

Qaraqalpaq qaharmanli'q da`stanlari'ni'n` barli'g`i'nda, derlik, 7-8 buwi'nli' qosi'qlar basi'm ko`pshiligin quraydi'. Bul 7-8 buwi'nli' qosi'qti'n` da`standag`i' waqi'yani' bayanlawg`a qolayli'g`i' menen ji'rawlardi'n` improvizaciyali'q wo`zgesheliklerine baylani'sli', a`sirese buri'nnan saqlani'p kiyati'rg`an yertedegi tu`rkiy xali'qlari'ni'n` qosi'q formasi'ni'n` saqlani'wi' menen da`lilenedi. Ko`p g`ana ilimpazlardi'n` bayqag`ani'nday-aq da`stanlardag`i' 7-8 buwi'nli' qosi'qlar sheklep bolmaytug`i'n bir strofada wo`z ishine belgili da`rejede uyqasi'wlardi' payda yetedi. Biraq bul rifmani'n` tu`rin yesaplap shi'g`i'w, sheklew ju`da` qi'yi'n. Sonli'qtan qaraqalpaq qaharmanli'q da`stanlari'nda jiyi ushi'rasatug`i'n 7-8 buwi'nli' qosi'qlar yerkin rifmag`a tiykarlang`an. Soni'n` ushi'n wolar sha`rtli tu`rde yerkin rifmadag`i' qosi'qlar dep atasa bolar yedi»[1]- dep jazadi' Q. Maqsetov. Da`stanlarda uyqasti'n` yen` a`piwayi' u`lgisi ha`r bir strofadan keyingi so`zlerdin` uyqasi'p keliwi boli'p tabi'ladi'. Bul jag`day improvizaciyag`a baylani'sli' boli'p, ji'raw-shayi'rlardi'n` ayti'wi'na qolaylasti'ri'p, iykemlestirip do`retilgeninen bolsa kerek. Sebebi, qa`legen da`stanni'n` quri'li'si'nda wolardi'n` muzi'kali'li'g`i' basli' wori'ndi' iyeleydi. Soni'n` ushi'n da bunday a`piwayi' u`lginin` «Qorqi't» ji'rlari'nda ushi'rasi'wi' qi'zi'g`i'wshi'li'q tuwdi'radi'.

---

[1] Мақсетов Қ. Қарақалпақ қаҳарманлық дәстанларының поэтикасы, Ташкент, 1965. 301-302 бетлер.

## 3.2. «Salar Qazanni'n` u`yin jaw shapqani' haqqi'ndag`i' ji'r»da ko`rkemlew qurallari'ni'n` jumsali'wi'

«Qorqi't ata kitabi'»ndag`i' ji'rlarda poetikali'q ko`rkem su`wretlew qurallari'ni'n` qollani'li'wi' bir qi'yli' yemes. Sonli'qtan da «Qorqi't ata» ji'rlari'ni'n` ko`rkem su`wretlew qurallari' boyi'nsha izertlew jumi'slari'n ali'p barg`an ilimpaz Ibraev Shakimashrip Qorqi't ji'rlari' tekstinde epitet 1294 ret, metafora 174 ret, ten`ew 73 ret ushi'rasatug`i'nli'g`i'n jazadi'. Soni'n` ishinde, ko`rkemlew qurallari' bolg`an metonimiya, sinekdoxa, ellipsis Qorqi't ji'rlari'nda ju`da` az ushi'rasatug`i'nli'g`i'n jazg`an.

Biz usi' jerde Qorqi't atani'n` «Salar Qazanni'n` u`yin jaw shapqani' haqqi'ndag`i' ji'r»da ko`rkemlew qurallari'ni'n` jumsali'wi', poetikasi' ma`selelerine wo`z pkirlerimizdi bayan yetipkshimiz. A`lbette, bul ji'rda **«qara»** epiteti tu`rli formada qollang`ani'n ko`remiz. Mi'sali', *«qara quri'm kiyiz», «qara qoy», «qara ko`z», «qara polat qi'li'sh», «qara qan suwday ag`i'p», «qara jal qaba ayg`i'r», «qara polattan sawi't», «qara xali'q», «qara jer», «qara at», «qara basi'n qaq ayi'ri'p», «qara qul», «qara ka`bap», «qara ag`ash», «qara iyt»* h.t.b. epitetlerdin` qollang`ani'n ko`remiz. Sonday-aq bul ji'rda ko`rkem ta`kirarlawlar ushi'rasadi' ha`m ji'rdi'n` syujetlik waki'yalari' menen kari'si'p, bir pu`tin kompoziciyali'q birlikti du`zedi. Ji'rdi'n` aqi'ri'nda Qorqi't atani'n` ji'r-ji'rlap, qobi'z shertiwi, xanlardi'n` xani' Bayandurxan ha`m Salar Qazanni'n` ji'r kirispesinde toy beriwi yamasa ji'r son`i'na uri'ska atlang`an oguz beklerinin` qaharmanlari'n uri'stag`i' yerliklerin ayti'w h.t.b. ko`rkem su`wretlenedi.

Xali'q awi'z yeki do`retpelerinde de, yeski a`debiy-folklorli'q ji'rlarda da poetikali'q qatarlardi' ko`rkem ha`m suli'w yetip beriwde su`wretlew qurallari' bolg`an ten`ewler wo`nimli qollani'ladi'. Sebebi ten`ew-poetikali'q ko`rkemlew qurallari'ni'n` baslamasi', demek, basqa ko`rkemlew qurallari' bolg`an parallelizm, sinekdoxa, giperbola, metanimiya,

metaforalardi’n` tiykari’ da usi’ ten`ewlerden kelip shi’qqan. Wo`ytkeni ten`ew qaharmanlar tulg`asi’n obrazli’ tu`rde wo`tkirlestirip beriwde, epizodlardi’ ha`m bazi’ bir detallardi’  ta`sirli yetip, ko`rkemlep su`wretlewde qollani’ladi’. Qorqi’t ata ji’rlari’nda ten`ewlerdin` qollani’li’w jelisi tekst mazmuni’ni’n` ayi’ri’qshali’g`i’na ha`m wo`z worni’-worni’nda wori’ndi’ tu`rde ha`m da`lme da`l qollani’li’wi’na qaray bir taqlette boli’p keletug`i’ni’n ko`remiz.

Ilimpaz T. D. Melikov: «Qorqi’t ata kitabi’»ndag`i’ ji’rlarda qosi’q katarlari’ anaforali’q alliteraciyali’q tu`rinde jiye qollani’latug`i’ni’n jazadi’. Shi’ni’nda da  birdey bir neshe seslerdin` so`z basi’nda ta`kirarlani’p keliwi «Qorqi’t ata ji’rlari’»da ko`plep ushi’rasadi’. Mi’sali’, «Salar Qazanni’n` yelin jaw shapqani’ haqqi’nda»gi’ ji’rda:

**Q**aran`**g`**i’ a**q**sham yelen` alanda **k**u`ni tuw**g`**an,
**Q**ar menen jawi’n jaw**g`**anda yer boli’p tur**g`**an,
**Q**ara **q**osh atlari’ **k**o`r**g**ende **k**isnet**k**en,
**Q**i’zi’l tu`yelerdi **k**o`r**k**ende bozlat**q**an.

Ko`rinip turg`ani’nday bunda bir neshe seslerdin` qosi’q qatari’ni’n` basi’nda qaytalani’p keliwi, woni’n` u`stine daui’ssi’z seslerdin` (**q-k, k-g**) jiye ta`kirarlani’wi’ qosi’qti’n` emocionalli’g`i’n, ta`sirshen`ligin ku`sheytip tur.

Ja`ne de usi’ ji’rda:

Ka`pirge men barayi’n,
Yeneden tuwgani’n wo`ltireyin,
Jen`im menen man`layi’mni’n` qani’n su`rteyin,
Alla-taala qossa, jawi’n`di’ men qurtayi’n.

Bunda woydi’, pikirdi teren` beriw dizbegi saqlang`ani’ bolmasa, buwi’n wo`lshemi, uyqasi’ birikpeydi, tek g`ana ha`r bir strofani’n` aqi’ri’ndag`i’ «barayi’n-wo`ltireyin», «su`rteyin-qurtayi’n» si’yaqli’ ma`nilik so`zler baylani’sqan.

## JUWMAQ

Solay yetip, biz Worta a`sirlerde oguz-qi'pshaq qa`wimlerinen miyras boli'p qalg`an jazba yesteliklerdin` biri «Qorqi't ata kitabi'» ha`m woni'n` ji'rlari'ni'n` ishinde izertlew kurs jumi'si'n jazi'wda bizin` payi'mi'zda tiyken «Qazanbektin` balasi' Worazbektin` tutqi'ng`a tu`sip qalg`ani' haqqi'ndag`i' ji'r» di'n` syujetlik wo`zgesheligi boyi'nsha jazi'lg`an jumi'si'mi'zdi'n` juwmaqlaw beti keldi. Bunda biz to`mendegi juwmaqlarg`a keldik.

1. Qorqi't ata kitabi' ("Kitabi dedam Korkut") og`uz-qi'pshaqlardi'n` qaharmanli'q da`stani' boli'p VIII-XI a`cirdegi Si'rda`rya boyi'n jaylag`an og`uz-qi'pshaqlardi'n` turmi'si'n so`z yetiwshi a`debiy yestelik boli'p yesaplanadi'. Qorqi't waqi'yalari' negizinen VIII a`sirde payda bolg`an bolsa da, kitap negizinen XVI a`sirde A`zerbayjanda xatqa tu`sirilip "Kitabi dedam Korkut g`ali lisan tayfa og`uzan" degen at penen ma`lim. Qorqi't ata kitabi'ni'n` negizgi syujetleri Si'rdar`ya a`tirapi'ndag`i' Jan`akent qalasi'ni'n` do`gereginde payda bolg`an. Ati' ha`m islegen isleri an`i'zg`a aynalg`an.

2. Qorqi'tti'n` so`z yetilip ati'rg`an territoriyasi'nda jasag`anli'g`i'ni'n` da wo`zi bul pikirdi tasti'yi'qlaydi'. Biraq belgisiz sebepler menen bul kitaptag`i' jer, suw atamalari' jag`i'nan a`dewir wo`zgesheliklerge ushi'rag`anli'g`i'n ko`remiz. Bul ma`selege u`lken itibar bergen V.Bartol`d wo`zinin` "Tu`rk eposi' Kavkazda" degen miynetinde "buni'n` yen` basli' sebebi ji'rdi'n` payda bolg`ani'nan jeti a`sir kiyinirek xatqa tu`siriliwi yedi. Soni'n` ushi'n da ji'rdi'n` payda bolg`an waqti', ha`tte atamalari' a`dewir wo`zgeriske ushi'radi'", - dep da`lilleydi. Ded (deda) so`zi negizinen yeski saklardi'n` so`zinen ali'ng`an qaraqalpaqsha "ata" degen mag`anani' bildiredi.

Qorqi't ata kitabi'ni'n` ha`zirge shekem yeki nusqasi' saqlang`an boli'p, birinshisi – Drezden (Germaniya) nusqasi', al yekinshisi Vatikan (Italiya)

nusqalari’ boli’p yesaplanadi’. Drezden nusqasi’nda 12 syujet saqlang`an bolsa, Vatikan nusqasi’nda soni’n` tek altawi’ g`ana bar. Bul haqqi’nda V.Bartol`d, S.Jirmunskiy, Sh.Wa`lixanov, Korogli’, Ə.Margulan, V.Arasli’, M.Toxmaev ha`m A`.Qon`i’ratbaevti’n` bahali’ pikirleri bar yekenligi ma`lim.

**3.** Bul ji’r negizinen ar-nami’s xaqqi’ndag`i’ da`stan boli’p, pesheneklerdin` oguz taypalari’na topi’li’si’, oguzlardan Salar Qazanni’n` bul sawashqa qatnasa almay, pa`nt qumar qali’wi’ haqqi’nda so`z boladi’. Wol ishki oguzlardi’n` ko`semi bolg`an adam.

4. Qorqi’t ji’rlari’ tariyxi’y dereklerden wonshama qashi’q yemes. Wol usi’ jag`i’nan da`standa xaqi’yqi’y wopadar hayal obrazi’n asha woti’ri’p, woni’n` bati’r ku`yewi ha`m ma`rt perzentinin` de obrazi’n ta`sirli su`wretlegen. Bir yeldin` jawgershilik da`wirindegi waqi’ya tutas qayg`i’li’ bolg`ani’ menen da`stanni’n` temasi’nda ko`rsetilgendey-aq bati’rdi’n` bala-shag`alari’ni’n` dushpang`a bolg`an ko`z-qarasi’ arqali’ beriledi.

5. Ji’rda uyqi’g`a ketken bati’r jeti ku`nge shekem woyanbaytug`i’ni’ si’yaqli’, an`g`a shi’g`i’p ketken Salar Qazan tog`ay arasi’nda uyqi’lap qali’p, bir ha`ptege shekem woyanbaydi’. Tap usi’nday payi’tti’ ku`tip turg`an jaw birden Qazanbektin` jurti’na atlani’s jasaydi’. Bul sawashta Salar Qazanni’n` balasi’ Woraz, hayali’ Bo`rte qati’n u`lken qaharmanli’q ko`rsetedi.

6. Sonday-aq bul ji’rda ko`rkem ta`kirarlawlar ushi’rasadi’ ha`m ji’rdi’n` syujetlik waki’yalari’ menen kari’si’p, bir pu`tin kompoziciyali’q birlikti du`zedi. Ji’rdi’n` aqi’ri’nda Qorqi’t atani’n` ji’r-ji’rlap, qobi’z shertiwi, xanlardi’n` xani’ Bayandurxan ha`m Salar Qazanni’n` ji’r kirispesinde toy beriwi yamasa ji’r son`i’na uri’ska atlang`an oguz beklerinin` qaharmanlari’n uri’stag`i’ yerliklerin ayti’w h.t.b. ko`rkem su`wretlenedi.

## PAYDALANI’LG`AN A`DEBIYaTLAR


1. Каримов И. Тарихий хотирасиз келажак йоқ. Тошкент, «Шарқ» нашриёти-матбао консерни бош тақририёти. 1998, 29-бет.
2. Алламбергенов К. Қарақалпақ халық дәстаны «Едиге», Нөкис, 1995.
3. Алламбергенов К. «Қорқыт ата китабы» ҳәм қаҳарманлық , // «Қарақалпақстан муғаллими», 1994. №2-4.
4. Баҳадырова С. «Китабы дедем Қорқыт», «Қоблан», «Едиге» ҳәм ҳәзирги әдебият ҳаққында ойлар, Нөкис, «Қарақалпақстан», 1992.
5. Короглы Х.Г. Огузский героический эпос. Москва. 1976.
6. Қоңыратбаев Ә. Қазақ эпосы және тюркология. Алматы. 1987.
7. Книга моего деда Коркута… Огузский героический эпос. М.,1962.
8. Жақыпов Ә. Қорқыт атам не дейди?, «Зерде» журналы, 1991. №10.
9. Мақсетов Қ. Қарақалпақ қаҳарманлық дәстанларының поэтикасы. Ташкент, 1965.
10. Мәмбетов К. Әййемги қарақалпақ әдебияты, Нөкис.1976.
11. Мәмбетов К. Ерте дәўирдеги қарақалпақ әдебияты, Нөкис, «Қарақалпақстан», 1992.
12. Мақсетов Қ. Қарақалпақ қаҳарманлық дәстанларының поэтикасы, Ташкент, 1965.
13. Мақсетов. Қ. Дәстанлар, жыраўлар, бақсылар, Нөкис, «Қарақалпақстан», 1992.
14. Палымбетов К. «Қорқыт ата китабы» ҳәм қарақалпақ дәстанлары, Нөкис, «Билим», 2010.
15. Интернет материаллары: www. Inetlibary. com. (Интернет китапхана), www. Iieteratuy. uz. www. zionet. uz.